

Pa Prezidan
Thomas S. Monson



Lapè, Rete trankil

Yon jou, sa gen kèk ane, apre m te fin okipe kèk bagay nan biwo mwen, mwen te santi yon gwo pouse pou m t al vizite yon granmoun aje ki te vèv ki t ap viv nan yon mezon sante pou granmoun nan Vil Salt Lake. Mwen te kondui lamenn pou ale kote sa a.

Lè m te rive nan chanm ni, mwen te wè l vid. Mwen te mande yon anplwaye ki kote l ta ka ye e li te voye m ale nan yon sal. Lè m te rive mwen te jwenn bon tigranmoun sa a ki t ap resevwa vizit yon sè li ansanm avèk yon lòt zanmi. Nou tout ansanm te fè yon bèl konvèsasyon.

Pandan nou t ap pale a, yon mesye te vini nan pòt la pou l te vin pran yon boutèy kola nan machin pou vann bwason an. Li te gade m epi l te di: “Ay, ou se Tom Monson.”

Mwen te reponn “Wi. E ou sanble ak yon Hemingway.”

Li te di ke l sete Stephen Hemingway, pitit gason Alfred Eugene Hemingway, ki te sèvi kòm konseye m lè m te evèk sa te gen dèzane e m te konn rele l Gene. Stephen te di m ke papa l te nan menm mezon sante a e l te prèske mouri. Gene t ap mande pou mwen san rete, epi fanmi l te bezwen kontakte m men yo pa t ka jwenn nimewo telefòn mwen.

Mwen te derape imedyatman e m te monte avèk Stephen pou al nan chanm ansyen konseye m nan, kote lòt pitit li yo te reyini tou, madanm ni te mouri kèk ane anvan sa. Manm fanmi l yo te konsidere rankont mwen avèk Stephen nan nan salon an kòm repons Papa nou

ki nan Syèl la te voye pou yo poutèt gwo dezi yo te genyen pou m te wè papa yo anvan l te mouri ak reponn apèl li a. Mwen te santi menm bagay la tou, paske si Stephen pa t antre nan sal la kote m t ap pale avèk moun yo egzakteman nan moman li te antre a, mwen pa t ap menm konnen ke Gene te nan mezon sa a.

Nou te ba l yon benediksyon. Yon espri lapè te egziste. Nou te pase yon bon ti moman, epi apres a mwen te ale.

Nan demen maten mwen te resevwa yon apèl telefòn ki te di m Gene Hemingway te mouri—jis 20 minit apre l te fin resevwa benediksyon an nan men pitit gason l lan avèk mwen an.

Mwen te ofri yon priyè remèsiman nan kè m bay Papa nou ki nan Syèl la pou direksyon li te ban mwen an, ki te pouse m ale nan mezon sante a e ki te dirije m al jwenn chè zanmi mwen, Alfred Eugene Hemingway a.

Mwen toujou renmen panse ke sa k te siman nan tèt Gene Hemingway jou swa sa a—kote nou t ap benyen nan limyè Lespri a, patisipe nan enb priyè a, ak pwononse yon benediksyon prèttriz la—sete siman pawòl sa yo ki nan kantik “Maitre, la tempête lance” la:

*Mon Rédempteur, ô demeure
Désormais près de moi,
Car je veux rentrer au port céleste
Et m'asseoir auprès de toi.*

Mwen toujou renmen kantik sa a e mwen temwaye de rekonfò li pote:

*Que ce soit la fureur de la mer
Oubyen des démons ou des hommes méchants,
Rien n'engouffrera la barque où se tient
Le Maître des cieux, terre, et océans.
Tout obéit à ma volonté!
Sois tranquille.¹*

Nan mitan dlo nan je ak eprèw, nan mitan laperèz ak lapenn, nan mitan doule ak solitud akoz pèt yon moun nou renmen, gen yon asirans ke lavi a etènèl. Senyè ak Sovè nou an se temwayaj vivan ke bagay sa a se verite.² Pawòl li yo nan ekriti sent yo sifizan: “Rete trankil, epi sonje ke m se Bondye” (Som 46:10). Mwen temwaye konsènan verite sa a.

NÒT

1. “Maître, la tempête lance,” *Cantiques*, no. 56.
2. Gade Richard L. Evans, “So Let Us Live to Live Forever,” *New Era*, Jiyè 1971, 18.

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Mesaj sa a kapab rekonfòte moun ki pèdi yon moun yo ki mouri oubyen moun k ap lite anba yon eprèw. Anplis mesaj Prezidan Monson nan, panse pou w pataje youn nan ekriti sa yo, selon bezwen moun w ap anseye yo: Jòb 19:25–26; 1 Korentyen 15:19–22; Mozya 24:13–15; Doktrin ak Alyans 122:7–9. Si Lespri a pouse ou, ou gen dwa temwaye de lapè Sovè a ba nou nan eprèw nou yo.

JÈN YO

Tanpri geri kè mwen

Pa Kelsey LeDoux

Jou anivèsè lanmò frè m nan, mwen t ap reflechi sou lavi m apre l te fin mouri a. Mwen te sonje non sèlman doule ekstrèm m te santi nan moman

an men benediksyon Bondye te ban m tou.

Mwen pa t janm konprann kijan moun te ka di lanmò yon moun pa yo pote benediksyon pou yo. Mwen pa t ka konprann kijan m ta ka fè gen lajwa ak rekonesans pou yon bagay ki te sitèlman boule m konsa. Men, te gen yon lannuit ki te chanje pwendvi mwen totalman.

Mwen te reveye nan mitan lannuit la avèk kè m ki te pi lou pase jan l te janm konn ye anvan sa. Doule a t ap toufe mwen. Mwen te tonbe ajenou e nan kriye mwen te priye Papa m ki nan Syèl la. Tout lavi m yo te anseye m sou Sakrifis Ekspyatwa a ak sou pouvwa gerizon mirakile Jezikri. Kounyeya sete tès lafwa pa m. Èske m te reyèlman kwè? Mwen te mande Papa m ki nan Syèl la pou l te tanpri geri kè mwen. Doule a te twòp pou mwen e m pa t ka fè fas avèk li poukont mwen.

Epi, yon santiman lapè, rekonfò, ak lanmou te vide sou tout kò mwen. Mwen te santi sete kòm si Bondye te pase bra l pou vlope m e pwoteje m kont gwo doule sa a m te santi a. Mwen te toujou sonje frè m nan, men m te vin kapab wè avèk je diferan. Te gen anpil anpil bagay pou m te aprann nan eksperyans sa a.

Mwen konnen lanmou ak lapè Senyè a disponib. Nou sèlman bezwen pran li.

TIMOUN

Chwazi pou nou trankil

Prezidan Monson di lè nou trankil e nou gen revèrans, nou ka santi lapè e akèri yon temwayaj pi solid sou Papa nou ki nan Syèl la. Epi Sentespri a kapab montre nou fason nou kapab ede lòt moun.

Ekri oubyen diskite avèk paran ou sou yon fason ou kapab trankil. Epi apresya pran tan nan semèn sa a pou w eseye fè sa. Lè w fini, ou gen dwa ekri sa ou te santi ak enspirasyon ou te resevwa yo nan journal ou.



Lafwa, Fanmi, Sekou

Aktivasyon

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon pou ede ou fòtifye sè w ap vizite yo epi fè Sosyete Sekou vin yon pati aktif nan pwòp lavi pa ou. Pou plis enfòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org.

Pwofèt nou, Prezidan Thomas S. Monson, ankouraje nou pou nou “longe lamèn pou pote sekou bay moun ki bezwen èd nou epi elve yo jwenn pi bon wout ak pi bon fason. . . . Se travay Senyè a, epi lè nou nan travay Senyè a, . . . nou gen dwa a èd Senyè a.”¹

Sa gen kèk ane LaVene Call ak konpay vizit nan fwaye li t al vizite yon sè inaktiv. Yo te frapè nan pòt la epi yo te wè yon jèn manman abiye an moumou. Li te parèt malad, men yo te vit reyalize ke pwoblèm ni sete alkòl. Enstriktris nan fwaye yo te chita avèk jèn manman k t ap lite sa a epi yo te pale avèk li.

Lè yo te fin ale, yo te di: “Li se yon pitit Bondye. Nou gen responsablite pou nou ede li.” Konsa, yo te vizite l souvan. Chak fwa, yo te ka wè ak santi yon bon chanjman nan li. Yo te mande l pou l te vini nan Sosyete Sekou. Malgre l te ezite dabò, li te finalman vini regilyèman. Avèk ankourajman, li menm ak mari li ak yon pitit fi yo

te vini legliz. Mari a te santi Sentespri a. Li te di: “Mwen pral fè sa evèk la sigjere yo.” Kounyeya yo aktif nan Legliz la e yo gentan sele nan tanp.²

Apati Ekriti yo

3 Nefi 18:32; Doktrin ak Alyans 84:106; 138:56

Apati Istwa Nou

Ede moun ki egare yo retounen nan levanjil Jezikri a te toujou fè pati travay yon Sen Dènye Jou ak yon manm Sosyete Sekou. Prezidan Brigham Young (1801–77) te di: “Se pou nou gen konpasyon youn pou lòt, . . . epi se pou moun ki ka wè yo gide sa ki avèg yo jiskaske yo ka wè poukont yo.”³

Eliza R. Snow, dezyèm prezidan jeneral Sosyete Sekou a, te grandman rekonèt efò sè yo t ap fè nan Ogden, Utah, Etazini, pou youn te fòtifye lòt. Li te di: “Mwen konsyan ke gen yon gwo kantite bagay ki fèt [an tèm sèvis]

ki pa janm ekri nan liv [rejis] yo.” Men li te rekonèt ke te gen yon rejis yo te kenbe nan syèl la pou travay sè yo te fè nan lonje lamèn bay moun ki te refwadi yo, li te di: “Prezidan Joseph Smith te di sosyete sa a te òganize pou sove nanm. . . . Gen yon lòt liv yo kenbe sou lafwa nou, bonte nou, bon zèv nou, ak pawòl nou. . . . Anyen pa pèdi.”⁴

NÒT

1. Thomas S. Monson, “The Sacred Call of Service,” *Liahona*, May 2005, 55, 56.
2. Lèt pitit fi LaVene Call te voye bay Prezidan Jeneral Sosyete Sekou an.
3. Brigham Young, nan *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 107.
4. Eliza R. Snow, nan *Filles dans mon royaume*, 83.

Kisa M Ka Fè?

1. Èske m gen konfyans pou m mande yon sè inaktive pou vini nan yon reyinyon Sosyete Sekou avèk mwen?
2. Èske sè m ap vizite yo santi yo konfòtab pou poze m kesyon sou levanjil la?